Pou Piblikasyon Imedya: 03/03/2015 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

EGZEKITIF KONTE YO NAN TOUT ETA AP REJWENN KANPAY ENOUGH IS ENOUGH GOUVÈNÈ CUOMO A POU KONBAT AGRESYON SEKSYÈL NAN KANPIS KOLÈJ YO

Gwoup Bipatizan ap pouse pou pwopozisyon Gouvènè a pase

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke egzekitif konte yo ki nan kominote yo toupatou nan eta te rejwenn kanpay "Enough is Enough" pou konbat vyolans seksyèl sou kanpis kolèj ak inivèsite yo. 17 Egzekitif konte sila yo reprezante yon laj, sipò bipatizan pou pwopozisyon Gouvènè a pou kreye pwoteksyon ki pi solid pou etidyan kolèj yo nan peyi a, kodifye prevansyon agresyon seksyèl inifòm ak pwotokòl repons pou kolèj prive yo – pwotokòl yo Inivèsite Eta New York te deja adopte.

"Nou tout dwe pran yon pozisyon kont agresyon seksyèl ak vyòl sou kanpis kolèj yo," Gouvènè Cuomo te deklare. "Lè yo rejwenn nou nan batay sa a, egzekitif konte sa yo – reprezante toulède pati yo e pratikman chak kwen nan eta – ap ede nou pouse pou lwa konplè ki pi sevè nan peyi a pou konbat agresyon seksyèl sou kanpis kolèj yo. Mwen fyè dèske mwen te gen sipò yo sou pwoblèm enpòtan sa a, e mwen mande tout Nouyòkè pou yo kanpe ansanm avè m nan di ase li ase."

Egzekitif konte ki annaprè yo te rejwenn kanpay "Enough is Enough" Gouvènè a:

- Steve Bellone, Konte Suffolk
- Maggie Brooks, Konte Monroe
- Ed Day, Konte Rockland
- Mike Hein, Konte Ulster
- Vince Horrigan, Konte Chautauqua
- Kathleen Jimino, Konte Renssalaer
- Joanie Mahoney, Konte Onondaga
- Edward Mangano, Konte Nassau
- Dan McCoy, Konte Albany
- Marcus Molinaro, Konte Dutchess
- Steve Neuhaus, Konte Orange
- MaryEllen Odell, Konte Putnam
- Matthew Ossenfort, Konte Montgomery

- Anthony Picente, Konte Oneida
- Mark Poloncarz, Konte Erie
- Debra Preston, Konte Broome
- Tom Santulli, Konte Chemung

Lejislasyon Gouvènè a pral etann règleman ak pwoteksyon SUNY a tout kolèj yo nan Eta epi asire ke 1.2 milyon etidyan kolèj Eta jwenn pwoteksyon avèk pwosedi ak direktiv inifòm ak global, enkli konsantman afimatif ak aksè a lapolis. Depi li fin lwa, règleman sa a prale lwen pou pwoteje plis etidyan nan New York.

Kanpay "Enough is Enough" gen ladan yon nouvo liy telefòn dirèk lapolis – 1-844-845-7269 – ki konsakre pou rapòte agresyon seksyèl nan kanpis kolèj ak inivèsite yo. Manm yo ki resevwa fòmasyon espesyal pral sou apèl 24èdtan pa jou pou reponn a apèl agresyon seksyèl toupatou nan Eta. Kanpay la gen ladan tou yon sitwèb, www.ny.gov/SafeCampusNY, ak yon videyo ki prezante etidyan, defansè ak otorite ki eli yo kap sipòte politik Gouvènè a pou adrese agresyon seksyèl sou kanpis kolèj yo.

Pou pwomote kanpay la ak enpòtans pou pase pwopozisyon Gouvènè a, Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te anbake nan yon toune nan tout eta pou pote "Enough is Enough" nan kanpis kolèj yo toupatou nan eta. Gouvènè Adjwen an ap rankontre avèk manm yo nan pati etidyan, pwofesè ak administrasyon an ansanm avèk founisè sèvis yo ak defansè viktim vyòl ak agresyon seksyèl yo.

Pwopozisyon prevansyon agresyon seksyèl sou kanpis Gouvènè a gen ladan konpozan ki annaprè yo:

- Yon sistèm definisyon nan tout eta sou konsantman afimatif kòm yon akò ki klè, san ekivòk, ak volontè ant patisipan yo pou angaje nan aktivite seksyèl spesifik;
- Yon politik amnisti nan tout eta, pou asire ke etidyan ki rapòte ensidan agresyon seksyèl oswa lòt vyolans seksyèl jwenn iminite pou sèten vyolasyon règleman sou kanpis, tankou itilizasyon dwòg ak alkòl;
- Yon deklarasyon Dwa Sivivan /Viktim Vyolans Seksyèl, kanpis yo pral gen obligasyon pou distribye bay tout etidyan yo nan fason pou enfòme spesyalman viktim vyolans seksyèl yo sou dwa legal yo ak kijan yo ka jwenn resous ki apwopriye. Deklarasyon Dwa klèman deklare ke etidyan yo gen dwa pou yo konnen ke yo ka pote rapò bay lapolis andeyò kanpis la, sa ki gen ladan lapolis Eta;
- Egzijans fòmasyon konplè pou administratè yo, anplwaye, ak etidyan yo enkli nan nouvo oryantasyon etidyan.

Lapolis Eta New York se yon patnè aktif avèk tout lapolis SUNY ak depatman sekirite piblik kap aplike règleman sou agresyon seksyèl Gouvènè a. Eta envestige plis pase 3,000 ka agresyon seksyèl toupatou nan Eta chak ane.

Egzekitif Konte Suffolk Steve Bellone te deklare, "Se moman pou nou tout kanpe epi di ase li ase lè li kesyon de vyòl ak agresyon seksyèl sou kanpis kolèj yo. Etidyan yo ta dwe santi yo ansekirite nan kolèj oswa inivèsite yo, e pwopozisyon Gouvènè a pou asire

ke kolèj prive yo ap pran etap ki enpòtan yo menm jan avèk SUNY te kòmanse ane pase se yon inisyativ entelijan pou pwoteje tout etidyan yo nan Eta New York. Mwen fyè pou m kanpe pou etidyan nou yo nan batay sa, e mwen ankouraje lejislati Eta pou yo fè menm bagay."

Egzekitif Konte Monroe Maggie Brooks te deklare, "Reyalite tris enkwayab la sè ke estatistik montre omwen 1 nan 4 kolèj fi yo pral viktim yon agresyon seksyèl pandan karyè ademik li. Ankò, yo rapòte mwens pase 5 pousan nan atak sila yo bay lapolis. Konte Monroe se kay pou preske 20 kolèj ak inivèsie, mwen fyè pou m rejwenn kolèg yo nan eta pou sipòte nouvo lwa sou règleman konsantman seksyèl. Lè yo di 'ase li ase' lejislatè yo ap pale pou viktim yo ki santi yo pa gen yon vwa epi kanpe kont sila yo kap pèpetre krim sa yo. Li enpòtan ke nou genyen yon règleman inifòm pami tout kolèj ak inivèsite yo nan fason pou pwoteje tout etidyan yo nan New York."

Egzekitif Konte Rockland Ed Day te deklare, "Gen plis bagay ki pou fèt ankò pou prevni vyolans seksyèl sou kanpis kolèj nou yo e Gouvènè Cuomo ap dirije wout la. Avèk kanpay 'Enough is Enough' la, New York alatèt yon lit kont agresyon seksyèl nan lekòl nou yo. Sa a se yon inisyativ enpòtan ki bezwen pou l pase touswit."

Egzekitif Konte Ulster Mike Hein te deklare, "Lè agresyon seksyèl fèt sou kanpis yon kolèj, li enperatif ke yon viktim jwenn aksè imedyatman a lapolis lokal ak tout resous posib pou ede yo. Etidyan yo ta dwe konnen ke lekòl yo ap pran tout etap pou garanti sekirite yo, e lapolis disponib pou ede sizoka krim agresyon seksyèl sa yo rive. Se moman pou nou tout pran yon pozisyon epi fè tout sa ki nan puovwa nou pou mete fen nan krim terib ak devastatè sa yo e règleman Gouvènè a se yon pati enpòtan nan pwosesis sa a."

Egzekitif Konte Rensselaer Kathleen Jimino te deklare, "Lè ou gen opòtinite pou ale nan kolèj ak apwofondi edikasyon se yon rèv pou anpil moun kòm yap chèche opòtinite ke yon edikasyon kolèj ka bay. Malerezman kòm estatistik yo montre anpil nan jèn adilt sa yo kap antre nan yon nouvo faz nan lavi yo, souvantfwa byen lwen lakay, yo jwenn yo viktim de yon krim terib nan fè efò sa pou amelyore sekirite kanpis enpòtan. Mwen vle konplimante Gouvènè a paske li te mete fòs administrasyon li a dèyè inisyativ sa a pou ede asire ke jèn adilt yo sou kanpis nou yo lib pou pouswiv rèv yo san krent agresyon seksyèl."

Egzekitif Konte Onondaga Joanie Mahoney te deklare, "Kanpis kolèj yo ta dwe yon kote ki ansekirite pou tout etidyan yo aprann. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo pou lidèchip li sou pwoblèm sa e map rete tann pou m akeyi l ansanm avèk Gouvènè Adjwen Hochul nan vil la pou diskite sou sa."

Egzekitif Konte Nassau Edward Mangano te deklare, "Li enperatif ke kolèj ak inivèsite yo kreye anviwonman ki ansekirite pou etidyan yo. Mwen felisite Gouvènè Cuomo paske li pran direksyon pou pwoteje viktim agresyon seksyèl yo nan kanpis SUNY yo e paske lap defann pou yon règleman inifòm nan tout Eta New York."

Egzekitif Konte Albany Dan McCoy te deklare, “Kanpay Enough is Enough’ la se yon gwo fason pou montre bezwen pou adrese vyolans seksyèl sou kanpis kolèj ak inivèsite yo. Antanke papa ki gen yon pitit fi kap viv nan yon kanpis kolèj, mwen apresye patikilyèman ak aplodi atansyon Gouvènè Cuomo sou kesyon sa a. Konte Albany fyè pou l kay kèk nan pi gwo enstitisyon edikasyon siperyè e nou bezwen fè tout sa nou kapab pou asire ke etidyan yo santi yo pwoteje ak pou kontinye ale nan lekòl nou yo. “

Egzekitif Konte Dutchess Marcus Molinaro te deklare, “Pwoteje etidyan yo kont vyolans seksyèl epi mete disponib zouti ak resous pou chèche èd se yon etap ki nesesè. Konte Dutchess ap fè sa vini yon priyorite e mwen aplodi Gouvènè Cuomo pou lidèchip li pou fè etidyan yo vin pi ansekirite, e mwen ankouraje kòlèg nou yo nan lejislati a pou asire sa vini yon reyalite.”

Egzekitif Konte Orange Steve Neuhaus te deklare, “Règleman Gouvènè Cuomo pou prevni ak reponn a agresyon seksyèl nan kolèj ak inivèsite nou yo se yon etap enpòtan nan bi pou pwoteje etidyan nou yo. Kenbe kolèj ak inivèsite yo lib de vyolans se yon bagay tout moun dakò sou li, kèlkeswa afilyasyon patizan.”

Egzekitif Konte Putnam MaryEllen Odell te deklare, “Kolèj se yon plas kote etidyan yo ale pou yo aprann ak grandi, e lè nou kenbe anviwonman sa pwoteje kont agresyon seksyèl se yon bagay ki enpòtan. Pwopozisyon Gouvènè a rann li klè pou etidyan yo dwa ak pwoteksyon yo pandan yo sou nenpòt kanpis kolèj nan eta, pa kite okenn posibilite pou move entèpretasyon oswa enkonpreyansyon. Se dwa pou 1.2 milyon etidyan kolèj nan New York, e li pral san dout fikse limit pou pwoteksyon etidyan sou kanpis kolèj yo toupatou nan Etazini.”

Egzekitif Konte Montgomery Matthew Ossenfort te deklare, “Chak etidyan kolèj nan New York merite pou konnen dwa yo ansanm avèk pwoteksyon ki anplas pou pwoteje yo kont vyolans seksyèl, e nou dwe fè tout sa nou kapab pou kenbe etidyan nou yo ansekirite. Modèl SUNY an ofri yon seri pwoteksyon ki pi konplè pou tout etidyan kolèj piblik nou yo – kounye a se moman pou etann mezi sa yo pou tout kolèj yo nan New York kidonk tout moun ka pwoteje anba yonsèl règleman inifòm.”

Egzekitif Konte Oneida Anthony Picente te deklare, “Gouvènè a ap pwopoze yon pyès lejislasyon bon san pou asire pwoteksyon san parèy kont agresyon seksyèl sou kanpis kolèj yo. Teni kont de siksè ke SUNY te genyen nan enplemante règleman nan tout kanpis yo, li klè ke modèl la ap evolye epi akeyi grandman pa ansanm etidyan an. Se moman pou New York dirije peyi a nan pwoteje etidyan nou yo; mwen ankouraje lejislati a pou pase pwopozisyon Gouvènè a nan sesyon sa– nou senpleman pa ka rete tann pi lontan.”

Egzekitif Konte Erie Mark Poloncarz te deklare, “Mete yon règleman agresyon seksyèl konplè, fò pou tout kolèj ak inivèsite piblik ak prive yo toupatou nan NYS re-afime angajman nou pou pwoteje timoun nou yo pandan yap pouswiv edikasyon siperyè yo pandan yap souliye inite nou nan prevni agresyon seksyèl ak kenbe ofansè yo responsab nan tout limit lalwa. Modèl SUNY an ki pral itilize nan tout eta gen

pwoteksyon pou viktim yo, definisyon konsantman ki defini klèman ak lajman ak yon deklarasyon dwa pou edike tout etidyan yo sou dwa legal yo. Nou dwe l a plis pase 1 milyon etidyan kolèj toupatou nan New York pou kodifye règleman sa nan tout eta, e mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou defans li sou pwoblèm sa a."

Egzekitif Konte Broome Debbie Preston te deklare, "Nou vle aplodi efò Gouvènè Cuomo pou pwoteje etidyan nou yo kont agresyon seksyèl nan tout kanpis kolèj yo nan Eta New York. Li reyèlman enpòtan pou n asire ke règleman sila yo pwoteje etidyan nou yo nan inivèsite piblik ak prive ak pou yo pouswiv endividi kap agrese lòt moun seksyèlman nan tout limit lalwa."

Egzekitif Konte Chemung Tom Santulli te deklare, "Etidyan nou yo nan New York ki eksperimante vyolans seksyèl pa ta dwe janm gen konfizyon osijè ki kote pou yo jwenn èd oswa gen krent ke yo pap jwenn èd la. Nou dwe fè enfòmasyon an klè epi bay mesaj la si ou bezwen èd, ou pral resevwa l. Mwen fyè dèske Gouvènè Cuomo ap pwopoze kèk nan lwa ki pi sevè nan peyi a pou bay jèn moun nou yo sa yo merite: pwoteksyon kont vyolans seksyèl."

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418